



KIJAN POU SÈVI AK PWOGRAM NAN



APRANN LÈ OU KAPAB,
ALÈZEMAN SAN PWOBLÈM.

ENGLISH FOR HAITIAN SPEAKERS

PWOGRAM LANG PIMSLEUR

Ou fèk sot achte pi bon pwogram pou aprann lang ki pat janm ko devlope anvan. Tankou ou dwe konnen deja, aprann yon lòt lang ka tounen yon tètchaje. Premye esperyans ou pou aprann yon lòt lang ka te kòmanse lè ou te lekòl. Si kou yo te parèt difisil, osnon si ou pat ka fè bèl nòt pou klas la, ou dwe petèt kwè ou pa gen ladrès pou aprann lang. Menmsi ou te anfòm nan klas yo, ou ka vin dekouvri apre tout sa ou te aprann yo pa sèvi ou anyen omwens pa ka ede ou lè ou eseye pale ak yon natifnatal lang lan.

Petèt tou ou te ret tann lè ou granmoun pou ou ale lekòl pou grandèt, lekòl pou aprann lang, osnon aprann poukont ou lakay. La a tou ou dwe te wè leson ak enfòmasyon yo te difisil pou rete nan tèt ou, yo te fatigan, e ou pat avanse rapid. Anpil moun ki eseye aprann lang konsa abandone leson yo trapde, paske yo kwè yo manke entelijans pou yo konprann sa yo li ak sa yo tandè nan leson sa yo.

Laverite a se ke nenpòt moun ka aprann yon lòt lang - si li jwenn bonjan sistèm pou li aprann. Avèk Metòd Pimsleur® a, ou ap benefisye tout sa ki te fèt deja pandan pakèt ane yo pase ap fè rechèch pou devlope pi bon metòd pou aprann lang etranje ki genyen sou latè a. Pwogram Lang Pimsleur®, Dr. Paul Pimsleur te devlope a, vin satisfè bezwen tout moun ki ta renmen aprann poukont yo gras ak materyèl ki egziste nan diferan lang.

KIJAN POU SÈVI AK PWOGRAM NAN

Pou ou ka benefisye tout sa chak leson genyen, chwazi yon kote trankil kote ou ka pratike leson yo san ou pa deranje, epi chwazi tou moman nan jounen an lè ou santi ou pi anfòm pou ou etidye. Ou ka etidye nan machin ou tou, tandè leson yo pandan ou ap kondi.

Longè chak leson pi piti pase trant minit, se sa save yo rekòmande pou yon travay ki mande anpil konsantrasyon. Nou batize pwogram nan “Leson Pwograme”, se mo save yo chwazi pou yon aktivite ki prepare yon fason pou pèmèt moun ki ap aprann nan vanse tipa pa tipa nan pwogram nan, pou ede yo metrize epi pwodui rezilta nou ka mezire nan pale yon lang komsadwa.

Kòmanse ou kòmanse pwogram nan, ou pa gen anyen pou ou fè sinon suiv direksyon ou ap tandè yo. Nou pap mande ou etidye pakè okenn lis vokabilè osnon etidye leson gramè, epitou pap gen devwa alekri. Toutokontrè, se natifnatal ki pale menm lang ak ou ki ap la pou gide ou pazapa nan aprann nan.

Siksè ou chita nan jan ou dwe patisipe nan leson yo ak tout kè ou, tout entelijans ou lè ou ap panse ak lè ou ap pale. Ou ap konnen lè ou maton nan aprann nan nan jan ou bay bon repons rapid ak kesyon monitè a poze yo. Si ou ka reponn byen 80% kesyon yo nan tan yo ba ou a, nou kwè ou dwe pouse ak lòt leson apre a. Li enpòtan pou ou kontinye pouse ak leson yo depi ou santi ou kapab e li pa ta bon ditou pou ap rete trennen nan chèche rezilta korèk sanpousan. Se poutèsa nou rekòmande mezi 80% pou ou avanse nan leson yo.

Ou ka remake tou nou mete materyèl nouvo ak ansyen tou nan chak leson yo, se jis yon fason pou ede ou sonje sa ou te aprann deja yo lè ou ta vle panse ou ka bliye yo. Yon lòt kalite Pwogram Lang Pimsleur® a genyen se degre repetisyon yo. Ou ap gen pou reponn menm kesyon yo sou diferan fòm e sa va ede ou pwogrese pi rapid, anvan ou bat je ou.

KONSÈY POU SIKSÈ OU

Travay leson yo nan lòd yo prezante yo a (pa sote ale pi devan), fè yon sèl leson pa jou, men ou ka repase menm leson an plizyè fwa nan yon jounen si ou vle. Ou fèt pou ou travay leson yo toulejou, se nan sèl kondisyon sa a pou ou reyisi.

Tande byen sa yo di nan chak leson. Toujou suiv egzakteman sa monitè a di.

Pale fò lè monitè a mande ou pou ou fè sa epi reponn kesyon yo vit nan ti bout tan yo ba ou a. Reponn anvan yo bay bon repons la, repons sa a la pou ede ou korije tèt ou osnon ankouraje ou nan bon travay ou ap fè.

Fè tout aktivite yo mande ou fè dapre sa pwogram nan reklame, pa okipe okenn lòt moun, okenn lòt liv oswa lòt kou.

METÒD ESPESYAL DR. PAUL PIMSLEUR A

Dr. Pimsleur pase lavi l ap travay sou kijan pou yo anseye lang e li se youn nan pi gran espesyalis nan domèn lengwistik aplike. Apre li te fin pran doktora l (Ph.D.) nan Franse nan Columbia University, li te anseye Fonetik ak Fonemik Franse (French Phonetics and Phonemics), li te vin apre sipèvizè laboratwa lang nan UCLA. Apresa, li tounen pwofesè lang romàn ak edikasyon lang (Professor of Romance Languages and Language Education), anmenmtan li te “Director of The Listening Center at Ohio State University”; Pwofesè “Education and Romance Languages at the State University of New York at Albany”; li te yon mèt konferans nan Fondasyon Fulbright pou li travay nan Inivèsite Heidelberg. Dr. Pimsleur se te yon manm “American Association of Teachers of French (AATF)”, “American Educational Research Association (AERA)”, “Modern Language Association (MLA)”, li se manm fondatè tou “American Council on the Teaching of Foreign Languages (ACTFL)”. Kantite liv ak atik li ekri chanje nètalkole teyori sou fason moun dwe anseye ak aprann lang.

Apre yon pakèt ane esperyans ak rechèch, Dr. Pimsleur te devlope yon metòd tou nèt ki chita sou de manman prensip: prensip antisipasyon ak yon prensip syantifik sou memwa li rele “Graduated Interval Recall”. Pwogram sa a melanje toulede prensip sa yo pou remèt ou metòd ki pi senp la, ki bay pi bon rezilta tou.

“GRADUATED INTERVAL RECALL”

“Graduated Interval Recall” se yon gwo non pou yon teyori tou senp sou memwa. Pa gen anyen ki pi enpòtan nan aprann yon lang etranje pase memwa, anvan Dr. Pimsleur, pa gen pèsonn ki te janm travay pi byen nan devlopman memwa lang.

Nan rechèch Dr. Pimsleur yo, li dekouvri konbyen tan moun pran pou yo sonje enfòmasyon tounèf e ki entèval tan yo bezwen pou yo rafrechi memwa yo. Si yo rafrechi memwa yo twò bonè osnon twò ta yo riske bliye enfòmasyon tounèf yo. Dekouvèt sa a pèmèt li tabli yon orè pou konnen kilè e kijan pou li foute enfòmasyon tounèf.

Sipoze ou fenk aprann yon mo ou pat konnen. Ou di tèt ou se yon mo pou m sonje. Sepandan, apre senk minit mo a pa ka vin nan tèt ou. Poutan si yo te fè ou sonje mo a apre senk segonn ou ta ka kenbe li nan tèt ou pou, ann di, yon minit tan ou tap bezwen anvan yon lòt bourad ankò. Chak fwa yo rafrechi memwa ou, ou vin sonje mo a pi byen pandan yon tan pi long. Entèval ant repase mo a vin pi long chak fwa yo rafrechi memwa ou, konsa-konsa ou ap rive yon lè kote ou pa bezwen bourad ankò.

Pwogram sa a fèt yon jan pou yo rafrechi memwa ou sou enfòmasyon nèf yo nan moman egzat ou ka sonje yo pi byen. Chak fwa memwa ou ta vle lage ou, yo ba ou yon ti bourad pou yo fè ou sonje.

PRENSIP ANTISIPASYON

Prensip antisipasyon an mande ou pou ou antisipe (devine) bon repons la. Ofèt, yo mande ou pou ou jwenn repons la nan sa ou te aprann deja yo e men kijan li travay:

Leson an gen dwa parèt tankou yon defi pou ou-alòs se lè sa a l ap ba ou chans pou ou aprann gras ak materyo nèf yo, tankou petèt yo ka poze ou kesyon konsa nan lang ou aprann nan:

Monitè a amòse ou: “Eske ou pral nan sinema jodiya?”
(Tipoz)

Dapre sa ou te aprann deja, ou reponn:

“Non, m te ale yè.”

Monitè a konfime repons ou a:

“Non, m te ale yè.”

Après, monitè a amòse yon lòt kesyon:

“Eske sè ou la pral an Ewòp ane sa a?” (Tipoz)

Repons: “Non, li te ale ane pase.”

Anvan Dr. Pimsleur te kreye metòd ansèyman li a, kou lang te fèt dapre prensip repetisyon tankou jakorepèt. Ou te jwenn yon pwofesè k ap repete e repete mo e elèv la menm t ap repete apre pwofesè a nan yon litani san fen, kòmkiwa sèvo a se ta yon plak y ap grave ak yon zegwi, plis yo pase zegwi a (repetisyon) se plis l ap grave pi byen. Doktè tèt yo di nou okontrè, repetisyon san sans sa yo plis kapab fè dòmi nan je moun e yo menm kapab anile tout efò pou aprann. Epitou, mo ou ap plede repete san sans sa yo ap vin pèdi siyifikasyon yo nan tèt ou. Dr. Pimsleur sou bò pa li dekouvri aprantisay fèt pi vit e pi byen lè elèv la resevwa enfòmasyon e yo mande l pou li resèvi ak enfòmasyon sa yo pou li pale.

VOKABILÈ NESESÈ

Anplis de manman prensip sa yo ki potokwen Metòd Pimsleur® a, gen lòt aspè tou ki fè metòd la san parèy. Youn ladan yo se vokabilè. Tout moun toujou kaponnen lè y ap aprann yon lang etranje devan katafal mo nèf yo dwe aprann. Men rechèch bon mamit montre yon elèv bezwen yon kantite mo ki pi piti pase sa yo panse a pou li ka kominike alèz nan nenpòt kèk lang.

Nou ka divize materyo yon lang an de kategori: chapant gramè (mo fonksyon) ak vokabilè itil (mo sans). Lè Dr. Pimsleur tabli sou vokabilè a e lè li bay elèv la posibilite pou li konprann e sèvi ak chapant gramè lang etranje a, li vin fè elèv la kapab pwodui pi vit nan lang l ap aprann nan. Pa gen anpil mo yon moun bezwen pou ou ka degaje ou nan yon konvèsasyon toulejou. Sa ki pi esansyèl la se mo fonksyon yo ki mare ak tout aktivite lèzòm ap mennen.

Pwogram sa a fèt pou aprann ou konprann epi pale baz lang nan jansadwa nan yon tan tou kout. Pandan chak lesou trant minit yo, ou ap gen pou ou pale ak de natifnatal ki ap pale jan ou tande pawòl nan bouch sitwayen edike nan lavi sosyal yo ak nan travay yo. Jan metòd la prezante dyalog yo nan sitiyasyon natirèl la retire baryè lòt pwogram yo genyen yo, pwoblèm sans mo yo.

“APRANTISAY ÒGANIK”

Metòd Pimsleur® a santre sou aprann konprann epi pale yon lang toutbon nan yon tan kout kout. Avèk metòd sa a, ou ap travay vokabilè ou, gramè, pwononsyasyon tout ansanm, pandan ou ap aprann fraz ki ka sèvi ou nan konvèsasyon toulejou.

Moun ka konte mil e mil lang nan lemonn. Piske mwens pase senk san sèlman devlope yon fòm ekriti, espesyalis nan lengwistik asepte di lang fèt premyèman pou pale. Pou rezon sa a, yo asepte tou lide ki di sèvo moun aprann yon lang pa lapawòl. Kidonk, lè Dr. Pimsleur kreye metòd pou aprann lang li a, li te kòmanse sèvi ak materyo anrejistre pou tandè, sa te pèmèt elèv yo aprann son yo, fason pou di yo ak fason pou pale lang yo ap aprann nan. Elèv yo aprann pivit, pi byen ak plis kè kontan paske yo wè yo kapab kominike ak moun nan lang etranje a trapde.

Dr. Pimsleur rele metòd sa a “organic learning” *aprantisay òganik* paske se yon plongaye nan tout fason yon moun aprann nan menm moman an. Sistèm ni an pèmèt moun k ap aprann nan pratike gramè, vokabilè, son lang etranje a yon fason natirèl ak enteresan. An konklizyon, elèv la antre nan pale lang etranje a ak ekspresyon tankou yon natifnatal san tèt chaje.

SA KI NAN KOU A

Lè ou fin aprann ak Pwogram Lang Pimsleur® la, ou ap gen yon vokabilè ak kèk fraz òdpote nan lang nan. Yo te chwazi mo, espresyon ak fraz toulejou sa yo pou ou ka sèvi ak yo nan sitiyasyon ou ap jwenn lè ou vwayaje nan peyi etranje. Ou ap ka pale alèz nan nenpòt ki sitiyasyon sosyal ak natifnatal yo kit se nan lari, nan transpò piblik, nan telefòn. Ou ap ka mande enfòmasyon epi degaje ou poukont ou lavil tankou andeyò san pwoblèm.

Ladrès ou nan lang ap sitèlman solid ke ou ap kapab patisipe nan nenpòt ki konvèsasyon, kit se lodyans, bay esplikasyon, bay enfòmasyon, rakonte aktivite ki te pase tankou sa k gen pou vini. Ou ap ka degaje ou nan pale sou aktivite toulejou an moun byenelve. Natifnatal yo, menm moun ki pa abitye kontre ak etranje, ap ka konprann ou san pwoblèm. Yon lòt pati ki enpòtan anpil tou, ou ap konnen kilè e kijan pou ou poze kesyon ki pou ede aprann pi plis, paske ou ap posede teknik Pimsleur® a ki montre moun kijan pou yo poze kesyon.

Metòd Pimsleur® a se yon veritab baz kote aprantisay ka pwogrese, kote elèv la aprann kijan pou li aprann, prensip ki dwe potokwen tout sistèm edikasyon. Anvi aprann ou ap klè pou tout moun ou pale ak yo. L ap klè tou enterè ak respè ou gen pou kilti lòt moun.

REMAK SOU FASON MOUN PALE NAN DIFERAN REJYON

Nan nenpòt peyi ki gran anpil, e menm nan peyi ki pa twò gran, ou jwenn diferans nan fason moun pale. Ozetazini, pa egzanp, fason pale yon moun ki soti Maine ka parèt diferan ak fason pale yon moun Texas. Fason yo pwononse (aksan) chanje de yon rejyon a yon lòt, e gen ti diferans nan vokabilè tou. Men kèk egzanp, sa yo rele “drinking fountain” nan New York pote non “bubbler” nan Wisconsin; yon “soft drink” bò isit ka pote non “soda” bò lòtbò nan menm Ozetazini an. Diferans nan fason pale Angle parèt pi fò toujou ant Ameriken ak moun peyi Angletè, oubyen ant moun sa yo ak Ostralyen. Poutan yo tout gen Angle pou lang natifnatal yo, yo tout sèvi ak Angle pou kominike antreyo, pou li menm jounal yo, gade menm pwogram televizyon yo san pwoblèm.

Yon natifnatal ki pale yon lang ka idantifye kote yon moun soti sou fason li pale. Anplis diferans ki gen nan rejyon yo, nou jwenn diferans sosyal tou. Pwogram Lang Pimsleur® a aprann elèv la lang yon moun ki “edike” pale e fòm pale sa a se menm kèlkeswa kote ou ye nan peyi a.



Si w bezwen sèvis kliyantèl lisansye e rapid
Pwogram Pimsleur® Language la,
tanpri rele nan nimewo sa a 1-800-831-5497.

www.Pimsleur.com

© 2002 Simon & Schuster, Inc.
Pimsleur® is an imprint of Simon & Schuster Audio,
a division of Simon & Schuster, Inc. Mfg. in USA. All rights reserved.
Pimsleur® is a registered trademark of Beverly Pimsleur,
used by Simon & Schuster under exclusive license.
Tout dwa rezève.

Pimsleur covers the world of languages. You can choose from over 60 language programs, many with multiple levels, ranging from the most popular to the exotic. Become a Pimsleur learner and travel the world!

Programs available for these languages:

- | | |
|-----------------------|--------------------------|
| • Albanian | • Japanese |
| • Arabic (Eastern) | • Korean |
| • Arabic (Egyptian) | • Lithuanian |
| • Armenian (Eastern) | • Norwegian |
| • Armenian (Western) | • Ojibwe |
| • Chinese (Cantonese) | • Pashto (due 2010) |
| • Chinese (Mandarin) | • Polish |
| • Croatian | • Portuguese (Brazilian) |
| • Czech | • Portuguese (European) |
| • Danish | • Romanian |
| • Dari (Persian) | • Russian |
| • Dutch | • Spanish |
| • Farsi (Persian) | • Swahili |
| • French | • Swedish |
| • German | • Swiss German |
| • Greek (Modern) | • Tagalog |
| • Haitian Creole | • Thai |
| • Hebrew (Modern) | • Turkish |
| • Hindi | • Twi |
| • Hungarian | • Ukrainian |
| • Indonesian | • Urdu |
| • Irish | • Vietnamese |
| • Italian | |

ESL (English as a Second Language):

- | | |
|-----------------------|--------------|
| • Arabic | • Hindi |
| • Chinese (Cantonese) | • Italian |
| • Chinese (Mandarin) | • Korean |
| • Farsi (Persian) | • Portuguese |
| • French | • Russian |
| • German | • Spanish |
| • Haitian | • Vietnamese |